1557

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

f 0.20

# SOEOEK

KARANGAN

SOETAN SANIF

KENGING NJOENDAKEUN

R. SABAN ACHMAD



.3

GUNSEIKANBU
KOKUMIN TOSYOKYOKU
(BALE POESTAKA)
DJAKARTA

PNRI bp Balai Pustaka



B. P. No. 1557

# SOEOEK

KARANGAN

SOETAN SANIF

KENGING NJOENDAKEUN

R. SABAN ACHMAD



GUNSEIKANBU
KOKUMIN TOSYOKYOKU
(BALE POESTAKA).
DJAKARTA
2604

國民圖書局 No. 524/B—19.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI
Balai Pustaka

*Hak noe ngarang ditangtajoengan koe Oendang-oendang*

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI
Balai Pustaka

## EUSINA.


| | | katja: |
|---|---|---|
| I. | Boeboeka | 5 |
| II. | Tjiri-tjirina djeung bangsana | 5 |
| III. | Taneuh djeung hawa | 8 |
| IV. | Ngagarap tanah | 9 |
| V. | Binih | 12 |
| VI. | Mĕlakna | 12 |
| VII. | Ngoeroesna | 14 |
| VIII. | Ngaraboetna | 16 |
| IX. | Goenana djeung balantikna | 18 |
| X. | Hama djeung kasakitna | 21 |


PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka



Sebatang katjang tanah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

## I. BOEBOEKA.

Noeroetkeun sangkaan, soeoek teh, asalna ti Amerika-Kidoel, koe sabab di nagara eta (babakoena di Peru), di djĕro koeboeran djaman koena sok radjeun aja noe manggihan soeoek. Ti Amerika-Kidoel soeoek teh diasoepkeun ka Eropa, toeloej ka Asia. Mangsa ajeuna noe rea pĕlak soeoek teh nja eta di Sĕpanjol, Aprika, Amerika-Kaler, Tiongkok, Nippon djeung Indonesia.

Di poelo Djawa soeoek teh dipĕlakna di tanah toehoer (tĕgalan), mĕlakna dina moesim mamareng atawa dina moesim dangdangrat; oepama dipĕlakna di sawah koedoe sabada diboeat, dina oesoem katiga, didjieun palawidja. Oenggal taoen lĕgana tanah anoe dipĕlakan soeoek di poelo Djawa teh koerang-leuwih aja 200.000 hektarĕ (± 280.000 baoe). Di tanah peuntas anoe rea ngahasilkeun soeoek teh, nja eta Bali, Lombok, Soematra-Koelon djeung Soematra-Wetan. Tjatĕtan-tjatĕtan noe noedoehkeun lĕgana tanah anoe dipĕlakan soeoek di tanah peuntas mah tatjan kanjahoan.

## II. TJIRI-TJIRINA DJEUNG BANGSANA.

Soeoek teh kaasoep golongan tangkal anoe sikina beulah (bangsa Leguminosae), djeung kĕmbangna kĕmbang koekoepoe (bangoenna djiga koekoepoe). Sanggeus kĕmbangna pepes (moerag daoen kĕmbangna) gagangna teh mandjangan (± 3 nĕpi ka 10 cm), toeloej mĕlĕngkoeng ka handap, toengtoengna asoep ka djĕro taneuh. Di djĕro taneuh ngagĕdean, toeloej djadi soeoek.

Rea oge kĕmbang anoe teu asoep ka djĕro taneuh, ngagantoeng bae dina tangkal; kĕmbang noe kitoe moal djadi soeoek. Koe sabab eta pĕrloe pisan tangkal soeoek teh disaeur, sangkan kĕmbang anoe gagangna parondok oge bisa djadi boeah. Kĕmbang anoe panghandapna anoe ilahar djadi soeoek teh. Soeoek teh sikina aja anoe ngan hidji bae, aja noe doea nĕpi ka opat, malah sakapeung mah sok aja noe lima.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka



Pĕlak soeoek di pagoenoengan .....



..... di tĕgalan .....



..... di sawah .....

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI
Balai Pustaka

Soeoek teh aja doea roepa, nja eta:

A. **Soeoek Tjina.**

Oemoerna 6-7 boelan; boeahna eusina teh tiloe nĕpi ka lima siki, tjarang aja noe sasiki mah. Ajeuna mah bangsa soeoek kieu meh tara dipĕlak deui, koe sabab hese diraboetna, djeung oemoerna lila teuing. Toeroeg-toeroeg hĕnteu pati pajoe. Anoe masih keneh marĕlak soeoek Tjina teh ngan di wĕwĕngkon Jogja djeung Solo.

B. **Soeoek biasa.**

Ieu teh aja tiloe roepa, nja eta:

1. Anoe koeloemoedna beureum kolot. Sikina ti hidji nĕpi ka opat, sakapeung aja oge noe lima. Soeoek bangsa ieu radjeun disĕboet soeoek Palembang. Ajeuna mah teu pati digĕdekeun dipĕlakna, lantaran hasilna teu sabaraha.
2. Anoe koeloemoedna warnana beureum ngora. Soeoek saroepa kieu di Djawa-Tĕngah djeung di Djawa-Wetan mah disĕboetna *katjang brol* atawa *katjang pĕndĕm*, ari di oerang mah soeoek bae. Boeahna galĕde, sikina rereana hidji atawa doea, tjarang aja noe tiloe. Noe kaasoep kana golongan ieu, oepamana soeoek Toeban, soeoek Holle djeung soeoek Waspada. Nja soeoek bangsa ieu noe rea dikirimkeun ka nagara loear. Di kĕbon pĕrtjobaan di Bogor geus bisa ngahasilkeun roepa-roepa soeoek anoe aloes noe asalna tina soeoek Holle diantarana noe pang-aloesna djeung pangreana




Kĕmbang soeoek.

*a.* kĕmbang noe djiga koekoepoe.

*b.* daoen kĕmbang reana lima.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

disĕbarkeun, nja eta soeoek Schwarz 21 (disĕboet kitoe soteh pedah Dr. Schwarz noe ngahasilkeunana). Soeoek ieu hasilna loba toer koeat nahan kasakit perang.

3. Anoe koeloemoednа warnana beureum ngora, tapi boeahna laleutik, sarta sikina tara leuwih ti hidji. Di Pasoendan mah ilaharna disĕboet soeoek bae. Soeoek saroepa kieu rasana ngeunah pĕlĕm, ngan handjakal saeutik hasilna.

Ari anoe sok dipĕlak di pilĕmboeran mah biasana tjampoeran tina soeoek noe tiloe roepa tea, tapi ka beh-dieunakeun geus rea noe mĕlak bangsa soeoek Schwarz 21, nja eta soeoek anoe pangaloesna.

## III. TANEUH DJEUNG HAWA.

Tangkal soeoek pangsoeboer-soeboerna djadina di tĕmpat panas toer hawana loba ngandoeng saab. Tapi nadjan kitoe oge, lamoen rea teuing hoedjan mah hĕnteu hade pikeun pĕlak soeoek, nja kitoe deui lamoen tĕmpatna sĕring kahalodoan. Di tĕmpat noe kitoe mah, hade lamoen pĕlak soeoek kalan-kalan dilembak sakeudeung. Lamoen soeoek mimiti boeahan, pĕrloe rea tjai, koe sabab eta taneuhna waktoe kitoe mah koedoe beueus bae. Lamoen soeoek geus tereh kolot, taneuhna koedoe rada toehoer, sabab lamoen taneuh rea teuing tjai, soeoek sok boeroek, malah tampolana mah lamoen soeoekna geus kolot pisan osok rĕnoeng djaradi. Koe sabab eta lamoen kanjahoan soeoek geus kolot, sarta noeroetkeun sangkaan oerang bakal rea hoedjan, soeoek teh anggoer gantjang diraboet bae.

Soeoek teh oemoemna djadi di mana-mana oge, boh di tanah noe bear, (tanah tjampoer keusik), boh di tanah noe likĕt, asal oelah loba teuing tjai toer tanahna lendo. Noe pangaloesna: taneuhna ridoeh, meudjeuhna beueusna toer lendo.

Wĕwĕngkon-wĕwĕngkon anoe rea pĕlak soeoek, nja eta Rĕmbang, Kĕdiri, Soerabaja, Pasoeroean, Madoera, Jogja djeung Soerakarta, ari di tanah peuntas di Bali djeung di Lombok.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka




Djadina soeoek tina kĕmbang.

## IV. NGAGARAP TANAH.

Ngagarap tanah pikeun pĕlak soeoek, tjoekoep diwoeloekoe doea kali djeung digaroe doea kali, atawa meunang oge diwoeloekoe djeung digaroe sakali-sakali, nja eta lamoen taneuhna katingalna bĕrĕsih toer ridoeh.

Oepama tanahna oeroet mĕlak hoei mah, tjoekoep diwoeloekoe djeung digaroe sakali-sakali bae. Radjeun oge dipatjoel bae doea atawa tiloe balikan. Aja oge noe mĕlak soeoek dina tanah noe sama sakali teu digarap heula, nja eta dina oeroet mĕlak tiwoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka



Patjoel, woeloekoe djeung garoe.

Di Solo djeung di Jogja ilahar mĕlak soeoek di sawah oeroet mĕlak pare. Sanggeus djaramina diarit atawa dibabad, tĕroes bae dipĕlakan soeoek. Ĕngke, dimana toge (pĕtetan soeoek) oemoerna geus kira-kira 2 minggoe, kakara tanah dina sĕla-sĕlana dibĕrĕsihan djeung dipatjoel.



Soeoek noe gagangna pandjang.



Sababaraha roepa soeoek.

Lamoen tanahna geus digarap, dipatjoel atawa diwoeloekoe djeung digaroe, koedoe njieunan kamalir k'eur mitjeunan tjai noe kareaan teuing.

Anggangna kamalir koerang-leuwih ti 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka



Keur milih soeoek pibiniheun.



**Binih meunang milih disimpén dina kaleng oeroet minjak tanah, ditoetoepan rapat.**



PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

nĕpi ka 15 metĕr, koemaha ridoeh-hĕnteuna taneuhna bae.

Ari taneuhna ridoeh mah kamalirna oge meunang leuwih anggang ti 15 metĕr. Oepama tanahna rea ngandoengna tjai, pikeun pĕlak soeoek, leuwih hade diheuleurankeun (didjieun petak-petak) tjara keur mĕlak sajoeran; roebakna heuleuran teh 2 nĕpi ka 4 metĕr.

## V. BINIH.

Lamoen arek mĕlak soeoek, binihna koedoe anoe aloes, noe beuneur toer gĕde. Milih pikeun binih, koedoe tina soeoek anoe sikina doea-doea. Poma oelah milih pibiniheun tina soeoek noe sikina ngan hidji atawa tiloe, sabab koerang hade, hasilna sok tara loba. Lamoen arek mĕlak soeoek Tjina, milih pibiniheun koedoe soeoek noe sikina tiloe. Soeoek pikeun binih teu meunang disimpĕn leuwih ti 6 boelan, sabab tanaga toemoewoehna geus ngoerangan. Aloesna binih soeoek teh, disimpĕn djeung tjangkang-tjangkangna dina kaleng anoe ditoetoep rapat, atawa dina karoeng, disimpĕnna di tĕmpat noe toehoer.



a b

*a.* binih aloes.
*b.* binih goreng.

## VI. MĔLAKNA.

Doea atawa tiloe poë deui kana arek mĕlak, binih soeoek teh koedoe dipĕsekan. Sikina noe peot atawa noe boeroek dipitjeun. Sapoë deui kana dipĕlak binih soeoek teh koedoe dipoë, kira-kira 2 djam lilana, maksoednà pikeun maehan bibit hama anoe eunteup dina soeoek. Lian ti eta soepaja pori-pori koeloemoed ngabeuka-

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

han (pori-pori teh liang-liang laleutik dina koeloemoed soeoek), sangkan tjai babari asoepna (kaseuseupna), nja eta lamoen soeoek geus dipĕlakkeun, djadi ambeh gantjang djadina. Rea oge anoe ngeueuman heula binih soeoek samemeh dipĕlakkeun. Pĕta kitoe beunang didjalankeun lamoen taneuhna beueus atawa rea hoedjan. Lamoen tanahna pohara toehoerna mah, patjoean binih dikeueuman. Binih dikeueuman sok beukah, pori-pori koeloemoednа oge ngagĕdean, tĕgĕsna soeoek teh ngandoeng tjai. Djadi dimana soeoek tea dipĕlakkeun dina taneuh noe toehoer, tjai noe geus kaseuseup tadi, kaseuseup deui koe taneuh toehoer, toeng-toengna binih teh peot, tĕroes paeh.

Mindĕng aja anoe mĕsek binih dina arek tjĕb pisan dipĕlakkeun, djadi hĕnteu dipoë heula. Pĕta kitoe teh hĕnteu hade; binih sabisa-bisa koedoe bae dipoë heula, sakoemaha noe ditĕrangkeun tadi.

Prak-prakanana mĕlak soeoek aja doea djalan:

1. Mĕlakna make aseuk.
2. Make boeroedjoel atawa patjoel.




*a.* boeroedjoel, *b.* aseuk, *c.* sendok (panjokel).

Oepama mĕlak diaseuk, ongkosna leuwih gĕde batan mĕlak make boeroedjoel, lantaran oerang koedoe njieun liang heula koe aseuk tea, kakara binih diasoep-asoepkeun kana liang aseukan, toeloej dioeroegan koe taneuh, dikorehkeun koe soekoe.

Soepaja babari ngoeroesna, aloes pisan lamoen soeoek dipĕlakna tangtoe djadjaranana, dikĕntja koe tali. Tjarangna mĕlakna goemantoeng kana lendo-kĕrina taneuh. Dina taneuh noe lendo

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

mah mĕlakna bisa rada tjarang, ari dina taneuh noe angar koedoe rada kĕrĕp. Ilaharna tjarangna mĕlak teh 30 × 20 cm, nja eta anggangna djadjaran 30 cm, ari tjarangna dina djadjaran 15 cm. Oenggal liang dieusian sasiki binih.

Pikeun sahektarĕ tanah reana binih tjoekoep ± 90 kg siki (soeoek meunang mĕsekan) atawa sapikoel pikeun sabaoe.

Lamoen mĕlakna make boeroedjoel atawa patjoel, njieun heula galoer (tapak patjoel atawa boeroedjoel), toeloej soeoek diasoepkeun ka dinja bari dioeroegan koe taneuh, dikorehkeun koe soekoe. Binih dipĕlakna tjarangna kira-kira 15 atawa 20 cm.

## VII. NGOEROESNA.

Ngoeroes pĕlak soeoek mah babari pisan. Heuleut 5-6 poë sanggeus dipĕlak, binih teh rarĕnoeng djadi. Lamoen oemoerna geus




*a*. Daoen soeoek noe ngora keneh.

9 atawa 10 poë, pĕpĕlakan teh koedoe diroris, lamoen aja anoe hĕnteu djadi, koedoe diajoeman. Lamoen pĕlak soeoek geus oemoer 3 minggoe, kakara koe oerang, dikored koe kored, atawa koe mĕsin paranti njaangan, sina lenang toer moeroehmoej, soepaja

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

ĕngkena pĕntil babari asoepna ka djĕro taneuh. Sanggeus oemoer 25-30 poë soeoek teh kĕmbangan. Kĕmbanganana sok tina kelek daoen (ilikan gambarna). Noe pangreana djadi boeah (katjang) teh, babakoena kĕmbang anoe pangheulana bidjilna, nja eta noe deukeut kana poehoena.

Sanggeus koerang-leuwih 6 minggoe oemoerna, taneuh sakoeriling tangkal koedoe disaeur, koe patjoel atawa koe mĕsin parantina.



Kĕbon soeoek.

Ajeuna tetela, kĕbon soeoek teh koedoe ditjaanganana (dikoredna) memeh kĕmbangan, ari disaeurna sanggeus kĕmbangan.

Lamoen kĕmbangna kakara mĕkar mah, poma oelah waka dikored, bisi ngaroeksak kĕmbangna. Lamoen katingal taneuhna bĕrĕsih mah, teu aja djoekoetan, meunang toeloej disaeur bae dina oemoer 35 poë. Goenana njaeur teh, nja eta ngadeukeutkeun dat-dat anoe pĕrloe pikeun pĕpĕlakan, djeung deui soepaja ngareaan pĕntilna. Geus ditjaritakeun di loehoer oge, jen pĕntil teh, lamoen arek djadi boeah koedoe asoep ka djĕro taneuh. Lamoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

tara katinggang hoedjan atawa tjarang hoedjanna mah hade pĕpĕlakan teh dibojor meueusan. Waktoena ngabojor teh, dimana soeoek kakara dipĕlak, oepama rek dikored, djeung keur arek disaeur. Ngabojor teh bisa didjalankeunana ngan oepama mĕlak soeoek tea di sawah.

Ngoeroes pĕlak soeoek dina tanah anoe hĕnteu digarap heula mah sedjen deui. Sakoemaha noe geus ditjaritakeun di loehoer, oekoer koedoe matjoelan taneuhna dina sĕla-sĕla pĕlak soeoek bae, nja eta waktoe oemoerna kira-kira 2 minggoe. Ĕngkena lamoen geus oemoer ± 35 poë kakara disaeur.

Lamoen mĕlak soeoek Tjina mah, koe sabab oemoerna pandjang (lila), tampolana dina oemoer 3 boelan teh pĕrloe ditjaangan sakali deui, lamoen barala pisan mah.

## VIII. NGARABOETNA.

Biasana mah, lamoen soeoek geus oemoer 100 poë, geus meudjeuhna diraboet. Tapi sanadjan kitoe oge, koedoe disidikkeun heula naha soeoek teh geus kolot. Tjiri-tjirina soeoek geus kolot kieu:

1. daoenna tarotol hideung,
2. boeahna teuas, hese dipĕsekna oge,
3. tjangkang soeoek beulah djĕro warnana geus sĕmoe hideung,
4. sikina babari ditjoplokkeunana,
5. koeloemoedna ipis, warnana beureum ngora sarta babari dikoelipitkeunana.

Lamoen soeoek ngora keneh geus diraboet, sikina osok peot, koeloemoedna hideung, sarta sok boeloekan.

Di poelo Djawa mah soeoek saroepa kitoe teh ngaranna *katjang tjipo*, oepama di Soenda soeoek „param", hargana oge saparona tina harga soeoek noe aloes.

Ngaraboet soeoek teh teu meunang ngadagĕ kolot pisan, bisi soeoek kaboeroe djadi deui sorangan, sarta rea anoe tinggaleun di djĕro taneuh. Noe matak lamoen katingal pĕlak soeoek teh geus kolot, leuwih hade dipariksa heula meudjeuhna-hĕnteuna diraboet.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Badan Pustaka

Mariksana kieu:

Raboet 5-6 tangkal soeoek anoe rada padjaoeh tĕmpatna, toeloej bilang kira-kira sabaraha % dina satangkalna soeoek noe geus karolot. Lamoen aja kira-kira 75-80%, meunang toeloej diraboet bae kabeh; tapi lamoen koerang ti sakitoe oelah waka diraboet.




*b*. Daoen anoe geus kolot, tarotol hideung.

Ngaraboetna mah koe leungeun bae. Lantaran soeoek teh hĕnteu pati djĕro njĕtjĕbna dina taneuh, djadi lamoen tangkalna diraboet teh soeoekna tangtoe miloe karaboet.

Tidinja toeloej didoedoetan tina tangkalna bari dipilih, noe karolot dipisahkeun ti noe ngora. Geus kitoe dipoë. Opat-lima poë oge toehoer. Tjirina soeoek geus toehoer, nja eta lamoen dikotjlakkeun disada. Sanggeusna dipoë pĕrloe dipilih deui, noe ngora (kĕntjes eusina) dipisahkeun, sabab lamoen ditjampoerkeun hargana djadi moerah.

Hasil pĕlak soeoek teh biasana matak soegĕma, lamoen bĕnĕr ngoeroesna mah. Dina sahektarĕ hasilna 12-20 koeintal atawa 14-23

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

pikoel dina sabaoe, soeoek tjangkangan noe geus toehoer. Soeoek baseuh keneh, noe kakara meunang ngaraboet, beuratna doea tikĕlan noe toehoer.



Moë soeoek.

Hasil soeoek oepama dipĕlak dina oesoem ngidjih biasana koerang batan hasil noe dipĕlak dina oesoem katiga.

Ari ngaraboet soeoek Tjina mah kieu:

Mimitina tangkal djeung daoenna dipotong atawa diarit. Toeloej soeoekna ditjokelan. Lamoen tangkalna diraboet bae mah, boeahna sok tinggaleun tara miloe karaboet, kalah gagangna parotong, djadi hese deui ngorehanana. Eta sababna noe matak tara rea anoe mĕlak soeoek Tjina teh, lantaran moepoena hese, toeroeg-toeroeg lila boeahanana.

## IX. GOENANA DJEUNG BALANTIKNA.

Soeoek teh lain dahareun sorangan woengkoel, tapi babakoena mah djoealeun. Di oerang mah didaharna sok koeloebna, sangrajna, digoreng atawa didjieun tengteng. Kitoe deui sok diangeun, dipake samara pĕtjĕl djst.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

Lĕgana pĕlak soeoek di poelo Djawa noe dipoepoe hasilna dina taoen:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 2593 | 218.000 ha. | 2596 | 225.000 ha. |
| 2594 | 208.000 ha. | 2597 | 235.000 ha. |
| 2595 | 195.000 ha. | 2598 | 262.000 ha. |

Lĕgana kĕbon soeoek di tanah peuntas teu aja tjatĕtanana anoe tetela. Anoe kanjahoan teh ngan di Bali djeung di Lombok, dina taoen 2597 aja 14.896 ha, dina taoen 2598 aja 13.548 ha.

Reana soeoek anoe dikaloearkeun ka mantjanagara sakoemaha anoe diberendelkeun dina daptar di handap ieu:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Taoen 2593 | 19.896 ton (1000 kg) | hargana | *f* | 1.705.000,— |
| „ 2594 | 10.362 „ | „ | „ | 745.000,— |
| „ 2595 | 12.614 „ | „ | „ | 966.000,— |
| „ 2596 | 20.722 „ | „ | „ | 1.861.000,— |
| „ 2597 | 18.134 „ | „ | „ | 1.564.000,— |
| „ 2598 | 17.632 „ | „ | „ | 1.746.000,— |

Harga soeoek dina oenggal-oenggal koeintal atawa pikoel, mimiti taoen 2590 toeroen, anoe tadina hargana *f* 18,— dina sakoeintal atawa *f* 11,— dina sapikoel, katompernakeun taoen 2598 mah ngan *f* 6,— sakoeintal atawa *f* 3,50 sapikoel.

Palaboean-palaboean anoe sok ngirimkeun soeoek ka nagara lian teh, nja eta Soerabaja, Tjirĕbon djeung Tandjoeng-parioek. Ti palaboean Tjirĕbon dikirimkeun soeoek anoe meunang mĕsĕkan, ari di palaboean anoe doea deui ngaloearkeun soeoek noe tjangkangan keneh.

Di Eropa mah soeoek teh babakoena didjieun minjak, pikeun ngagoreng djeung keur njieun saboen mandi.

Di poelo Djawa oge soeoek teh didjieun minjak, nja eta di pabrik minjak. Di pakampoengan oge rea noe njieun minjak soeoek, komo di Pasoendan mah. Pakakasna loemajan pisan lamoen dibandingkeun djeung mĕsin pabrik mah, nja eta kampa.

Njieunna kieu:

Mimitina katjang teh dipĕsek; koeloemoednа sabisa-bisa dipitjeun. Toeloej soeoek teh dibĕbĕk dina lisoeng, tĕroes diseupan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

Sanggeus diseupan diaboeskeun kana karoeng, ditjampoeran akar wangi, kakara dikampa soepaja kaloear minjakna.

Boengkilna (hampas soeoek) didjieun ontjom. Njieunna kieu: Boengkil meunang ngoembah bĕrĕsih diseupan. Lamoen geus tiis diamparkeun dina njiroe atawa sasag, ditilaman koe daoen tjaoe. Kandĕlna ontjom kira-kira 2 cm. Toeloej diawoeran ragi ontjom. Heuleut 3-4 poë oge djadi ontjom.




Kampa.

*a*. paloe. *b*. pantjir. *c*. balok paranti ngagĕpit karoeng. *d*. karoeng noe dieusian soeoek. *e*. wadah paranti nandean minjak.

Tapi lantaran boengkil soeoek di kampoeng mah teu sabaraha lobana, anoe didjieun ontjom teh babakoena boengkil ti pabrik minjak. Minjak soeoek teh babakoena dipake ngagoreng, djeung di pabrik-pabrik batik sok dipake ngaleuleuskeun samping batikeun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

Minjak soeoek rea oge anoe dikaloearkeun ka nagara lian sakoemaha daptar di handap ieu:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Taoen | 2593 | 5.804 | ton | hargana | *f* 1.048.000,— |
| „ | 2594 | 4.857 | „ | „ | „ 711.000,— |
| „ | 2595 | 5.379 | „ | „ | „ 705.000,— |
| „ | 2596 | 7.179 | „ | „ | „ 1.300.000,— |
| „ | 2597 | 9.064 | „ | „ | „ 1.892.000,— |
| „ | 2598 | 10.303 | „ | „ | „ 1.986.000,— |

## X. HAMA DJEUNG KASAKITNA.

Kasakit pĕlak soeoek, anoe katjida ngaroeksakna, nja eta hama perang (hama wedang) (Malajoe: penjakit mati gadis; Djawa: omo wedang). Tjirina pĕpĕlakan kataradjang koe ieu hama, daoenna perang, siga kaleob koe tjipanas.



Tangkal soeoek noe kataradjang koe hama perang.

Hama saroepa kieu, dilantarankeun koe bakteri anoe hiroep di djĕro taneuh. Ieu bakteri asoep kana tangkal soeoek tina akar-akar noe garoegoes, (noe bareulah atawa noe parotong), toeloej ngareaan. Tjaritjingna dina tangkal, dina palĕbah djadjalaneun kahakanan pikeun tangkal, njeuseupan tjai katoet dat-dat kahakanan anoe diseuseup koe akar tina taneuh.

Koe sabab eta, bagian tangkal soeoek mah teu kabagian tjai katoet dat-dat kahakanan. Toengtoengna daoenna perang, toeloej paeh.

Bagian-bagian anoe ditjitjingan koe eta bakteri, nja eta dahan djeung tangkal, djadi boeroek. Ieu kasakit rĕmĕn datangna, nja eta lamoen taneuh anoe dipĕlakan soeoek tea toehoer teuing atawa baseuh teuing, komo lamoen mĕlakkeun binih lain meunang milih mah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI Balai Pustaka

Anoe koeat koe ieu hama ngan soeoek Schwarz 21, sakoemaha anoe ditjaritakeun di loehoer, radjeun oge disĕboet „soeoek lanbow". Di sababaraha tĕmpat rea noe mĕlak soeoek diganti koe binih lanbow tea.

Hama perang teh radjeun oge djadi hama pĕlak bako, kĕntang (koemĕli), tomat, terong djst.

Salah saroepa djalan keur ngabasmi ieu hama taja lian mĕlakna koedoe digilir, tĕgĕsna disĕlang-sĕlang koe pĕpĕlakan sedjen.

Di tĕmpat atawa di kĕbon noe sok sĕring kataradjang koe hama wedang, meunang sawatara taoen mah leuwih hade oelah dipĕlakan soeoek, atawa oelah mĕlak pĕpĕlakan anoe gampang katĕrap koe hama eta.

Pĕlak soeoek tara sakoemaha diganggoena koe sasatoan mah. Radjeun oge diganggoe koe koeoek, hileud anoe ngahakanan daoenna, tonggeret leutik (oeir-oeir), beurit djst., tapi teu sabaraha ngaroeksakna kana pĕpĕlakan.

---

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Idinan: No. 103, tg. 7—VIII—Showa 19 (2604)

Kaloear: Sasi VIII — Showa 19 (2604)

Anoe ngaloearkeun: } BALE POESTAKA
Ditjitak koe: } M. KANEKO

Anoe ngarang: SOETAN SANIP

Alamat: DJAKARTA